

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Pikeun ngamekarkeun kabudayaan, pangajaran mangrupa salasahiji média anu bisa ngaronjatkeun kamajuan pendidikan. Upama lamun dibungkus ku métode pangajaran anu hadé, salian ti unsur budayana, unsur téorina ogé bisa kahontal. Ku ayana métode démonstrasi jadi bukti yén salain ti siswa bisa ngaregepkeun téori anu dibikeun, ogé bisa langsung prakték dumasar kapentinganana.

Dumasar hasil olah data jeung analisis, bisa ditarik kacindekan.

1. Upacara sawér miboga ajén falsafah anu raket hubunganna antara agama jeung budaya Sunda anu di jérona ngawengku hubungan antara manusa, alam jeung Pangéran.
2. Aya bédana hasil diajar siswa antara saméméh jeung sanggeus kagiatan pangajaran pikeun kelompok ékspérimén anu ngagunakeun métode démonstrasi. Hartina, hasil diajar siswa saméméh jeung sanggeus kagiatan pangajaran ngalaman parobahan anu signifikan. Hal ieu katitén tina hasil uji hipotésis ngaliwatan uji-t maké tingkat kapercayaan 95% ($\alpha = 0,05$).
3. Aya bédana hasil diajar siswa saméméh jeung sanggeus kagiatan pangajaran pikeun kelompok kontrol anu ngagunakeun métode ceramah. Bédana katingali tina skor rata-rata siswa sanggeus pangajaran. Hal ieu

bisa dititénan tina uji hipotésis ngaliwatan uji-t maké tingkat kapercayaan 95% ($\alpha = 0,05$).

4. Ayana *perbedaan* hasil diajar siswa anu signifikan saméméh jeung sanggeus kagiatan pangajaran antara kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol. Bédana bisa katitén dina skor rata-rata *Gain* tina tés awal jeung tés ahir dua kelompok. Bédana hasil diajar luyu jeung hasil uji hipotésis anu ngagunakeun uji-t maké tingkat kapercayaan 95% ($\alpha = 0,05$). Éta hal katingali tina béda rata-rata skor *Gain* antara kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol. Rata-rata *Gain* kelompok ékspérimén nya éta 6,05, kelompok kontrol nya éta 5,05. hal ieu nunjukeun ayana *perbedaan* skor antara kelompok anu ngagunakeun métode démonstrasi jeung kelompok anu teu ngagunakeun métode démonstrasi.
5. Tina hasil panalungtikan, kabukti yén métode démonstrasi efektif pikeun pangajaran basa Sunda hususna dina matéri ngaregepkeun sawér. Katitén tina hasil tés anu dieusian ku siswa.

5.2 Saran

Métode pangajaran nu alus nya éta métode anu bisa ningkatkeun minat tur hasil diajar siswa. Ku kituna tina hasil panalungtikan di handap ieu ditétélakeun saran-saran.

1. Métode pangajaran démonstrasi kaasup métode pangajaran prakték anu éféktif, ku kituna disarankeun pikeun diterapkeun dina unggal kagiatan diajar utamana mah anu aya hubunganana jeung aprésiasi, siswa bakal meunang pangalaman jeung rasa anyar dina diajar.
2. Guru basa Sunda kudu parigel dina milih jeung nangtukeun métode pangajaran sangkan leuwih variasi jeung bisa narik minat siswa nu antukna bisa ningkatkeun préstasi diajar.
3. Disarankeun pikeun teu ngagunakeun hiji métode wungkul dina pangajaran basa Sunda lantaran bisa nyieun siswa bosen diajar.